

DEVELOPMENTAL DISABILITIES ADMINISTRATION (DDA)
**Chiziviso Chekupera Kwekudzera Pamakore
Ekuzvarwa Mana (4)**

MUSI:

ZITA RANYAKUBATSIRWA NEKERO

ZITA REMUMIRIRI NEKERO

NEZVE: CHIZIVISO CHEKUPERA KWEKUKODZERA PAMAKORE EKUZVARWA MANA (4)

Mwana wako ndinyakubatsirwa ari pasi peDevelopmental Disabilities Administration (DDA). Kukodzera kwemwana wako kubatsirwa neDDA kunoguma kushanda paanosvitsa gore rake rechina rekuzvarwa. Kuti mwana wako arambe achikodzera kubatsirwa neDDA, unofanira kunyorera zvakare uchikumbira mwana wako asati asvitsa makore mana. Mwana wako anofanira kuongororwa zvakare kukodzera kwake pamusana pechimwe chezvikonzero zvinotevera: Urema Hwemupfungwa, Cerebral Palsy (Urema hwekutadza kushandisa nhengo dzemuviri), Pfari, Autism (Urema hwekutadza kutamba kana kukurukura nevamwe), Umwewo Urema Hweuropi kana Chimwe Chirwere chakada kufanana neUrema Hwemupfungwa.

Tatumirawo Bepa Rine Girafu Rezvinodiwa kuti uzive zvinodiwa pakuita kuti mwana wako aongororwe zvakare kukodzera kwake.

Ndinonyorera sei zvakare ndichikumbira?

Taura nevashandi veDDA Intake & Eligibility (vanoona nezvekubvumwa zvakare uye kukodzera) pachine mazuva anodarika 90 mwana wako asati asvitsa gore rake rechina rekuzvarwa kuti upiwe zvekushandisa pakunyorera uchikumbira zvakare. Unogona kuita izvi nekunyorera kana nekufona panhamba dzanyorwa pasi apa. Uchabva watumirwa zvekushandisa pakunyorera uchikumbira. Unogonawo kuwana mapepa ekushandisa pakunyorera uchikumbira paindaneti kana ukaenda pa <https://www.dshs.wa.gov/dda/consumers-and-families/eligibility>.

Ko kana ndikasanyorera zvakare ndichikumbira?

Kana ukasakumbira zvekushandisa pakunyorera uchikumbira zvakare kana kuti ukasadzorera zvinhu zvacho pachine mazuva anodarika 60 mwana wako asati asvitsa gore rake rechina, kukodzera kwemwana wako kubatsirwa neDDA kunoguma kushanda pazuva raanosvitsa makore mana ekuzvarwa. Kana mwana achipiwa mari neDDA, rubatsiro urwu rwunopera paanosvitsa makore mana ekuzvarwa.

Kuguma kushanda kwekukodzera kubatsirwa neDDA hakusi kuzokanganisa kuwana kwemwana wako Dzidzo Inokosha kana kuti kukodzera paSSI. Hakusi kuzokanganisawo chero ruyamuro rwupi zvarwo rweDSHS rwaungave uri kuwana, rwakadai seMedicaid, TANF kana zvitambi zvezvekudya.

Tapota kurumidza kupindura, pachiine mazuva anodarika 90 mwana wako asati asvitsa gore rake rechina rekuzvarwa. Kana tikasanzwa kubva kwauri, tichafunga kuti hauchadi kuti mwana wako arambe achikodzera kubatsirwa neDDA. Kana mwana wako akasvitsa makore mana (4) ekuzvarwa pasina mapepa akakodzera anoratidza mamiriro ezvinhu ake, kukodzera kwemwana wako kubatsirwa neDDA uye kukodzera kwake kuwana rubatsiro rweDDA kunoguma kushanda paanosvitsa gore rake rechina (rechi 4).

Kana uine mibvunzo kana kuti uchida kukumbira zvekushandisa pakukumbira, tapota taura ne

ZITA

NHAMBANDA DZEFONI

KERO YEEMAIL

Kopi yemirau yehurumende ine chekuita nekukodzera inowanika kana ukaikumbira kana kuti ukaenda paindaneti pa <https://www.dshs.wa.gov/dda/consumers-and-families/eligibility>.

cc: Faira ranyakubatsirwa

Bepa Rine Girafu Rezvinodiwa

ZVAKAITA UREMA HWACHO	ZERA	UREMA HWAAKAONEKWA KUTI ANAHWO	CHIREMBA AKAMUONGORORA	MAMWE MAREKODHI
Kunonoka Kukura	Makore ekuzvarwa 4 kusvika 9	Kunonoka Kukura	Mazvikokota akakodzera kuongorora uye kupa mashoko nezvekukura kwemwana	Makore ekuzvarwa mana (4) kusvika kumapfumbamwe (9) – kunonoka nekatatu kana kudarika kwe1.5 kuchitsaudzira pasi peavhareji kana kuti 25 % yemakuriro pazera zvichienderana nekuongororwa kwazvino kwemukati memwedzi 12 yadarika.
Urema Hwemupfungwa	Makore ekuzvarwa 4 kana kudarika	Urema Hwemupfungwa	Chiremba Wepfungwa Ane Chitambi, Chiremba Wepfungwa Ane Chitambi chemuWashington kana kuti chero chiremba wepfungwa wepachikoro akapiwa chitambi neNational Assoc. of School Psychologists	Mushumo Wakazara wemamiriro epfungwa kusanganisira chibodzwa cheChikero Chakazara cheIQ chine kutsaudzira kunodarika kuviri kuri pasi peavhareji uye chibodzwa chebvunzo ine chekuita neunyanzvi hwemwana hwekuita zvinhu kwekutsaudzira kunodarika kuviri kuri pasi peavhareji yakaitwa mukati memwedzi 36 yadarika.
Cerebral Palsy (Urema hwekutadza kushandisa nhengo dzemuviri)	Makore ekuzvarwa 4 kana kudarika	Cerebral Palsy (Urema hwekutadza kushandisa nhengo dzemuviri) Quadriplegia (Urema hwemaoko nemakumbo ese) Hemiplegia (Urema hwenhengo dzedivi rimwe chete remuviri) Diplegia (Urema hwenhengo dzemativi ese emuviri kubvira padumbu zvichidzika)	Chiremba Ane Chitambi Wemashandiro Emuviri Wemunhu	Kutangira pamakore ekuzvarwa matatu (3) uye mashoko anotsigira kuti mwana wacho anoda kubatsirwa zuva nezuva pakuita zviviri kana zvinodarika (kuenda kuchimbudzi, kugeza, kudya, kupfeka, kufamba, kana kukurukura).
Pfari	Makore ekuzvarwa 4 kana kudarika	Pfari kana chirwere Chekudonha	Chiremba Weuropi Akapiwa Chitambi Nebhodhi	Ongororo ine chekuita nenhorondo yeutano uye kuongororwa uropi, mashoko anotsigira anobva kuna chiremba wemashandiro emuviri wemunhu kana kuti chiremba weuropi nezvekudonha kunoramba kuchiitika, uye kuongororwa unyanzvi kwemwana pakuita zvinhu zvitsva pachiratidza kuti haagoni kuita zviviri kana zvinodarika zvichitsaudzira pasi peavhareji.

Bepa Rine Girafu Rezvinodiwa

ZVAKAITA UREMA HWACHO	ZERA	UREMA HWAAKAONEKWA KUTI ANAHWO	CHIREMBA AKAMUONGORORA	MAMWE MAREKODHI
Autism (Urema hwekutadza kutamba kana kukurukura nevamwe) (paDSM-IV-TR)	Makore ekuzvarwa 4 kana kudarika	Autism (Urema hwekutadza kutamba kana kukurukura nevamwe) Pa299.00 muDSM-IV-TR	Chiremba Wepfungwa Ane Chitambi, Chiremba ane chitambi wemashandiro emuviri wemunhu kana ARNP wepanzvimbo inorapirwa Autism (Urema hwekutadza kutamba kana kukurukura nevamwe), nzvimbo inoona nezvekukura kwevana, kana inoona nezvekufambira mberi kwevana, kana kuti Chiremba Akapiwa Chitambi Nebhodhi: Chiremba Weuropi, Chiremba Wemafungiro Evanhu, kana Anoona Nezvekukura uye Maitiro Evana	Ongororo yakazara paDSM-IV-TR ine zvese zvinodiwa pakuongorora kwemhando iyi, umboo hwekunonoka kana kushanda zvisizvo pakuwadzana nevamwe mwana asati asvitsa makore matatu (3) ekuzvarwa, pakutaura, pakugona kukurukura nevamwe pakushandisa zviratidzo kana kutamba nevamwe achiita zvekufungidzira, uye kuongororwa kana achigona kudzidza zvinhu zvitsva uye achiratidza kuti haagoni kuita zviviri kana zvinodarika zvichitsaudzira pasi peavhareji.
Chikero Cheurwere hweAutism (Urema hwekutadza kutamba kana kukurukura nevamwe) (paDSM-5)	Makore ekuzvarwa 4 kana kudarika	Chikero Cheurwere hweAutism (Urema hwekutadza kutamba kana kukurukura nevamwe) 299.00 PaDSM-5 kusanganisira matanho akadzama e2 kana 3 mumakoramamu ese	Chiremba Wepfungwa Ane Chitambi, Chiremba ane chitambi wemashandiro emuviri wemunhu kana ARNP wepanzvimbo inorapirwa Autism (Urema hwekutadza kutamba kana kukurukura nevamwe), nzvimbo inoona nezvekukura kwevana, kana inoona nezvekufambira mberi kwevana, kana kuti Chiremba Akapiwa Chitambi Nebhodhi: Chiremba Weuropi, Chiremba Wemafungiro Evanhu, kana Anoona Nezvekukura uye Maitiro Evana	Ongororo yakazara paDSM-IV-TR ine zvese zvinodiwa pakuongorora kwemhando iyi, umboo hwekunonoka kana kushanda zvisizvo pakuwadzana nevamwe mwana asati asvitsa makore matatu (3) ekuzvarwa, pakutaura, pakugona kukurukura nevamwe pakushandisa zviratidzo kana kutamba nevamwe achiita zvekufungidzira, uye kuongororwa kana achigona kudzidza zvinhu zvitsva uye achiratidza kuti haagoni kuita zviviri kana zvinodarika zvichitsaudzira pasi peavhareji – kana – zvese zvinodiwa kuti munhu anzi ane urwere hweAutism (Urema hwekutadza kutamba kana kukurukura nevamwe) 299.00 paDSM-IV.
Mumwe anoona nezveUropi kana Umwe Urema Hwakafanana Nehwemupfungwa	Makore ekuzvarwa 4 kana kudarika	Urwere hweuropi kana kuti hwemakiromosamu uhwo hunozivikanwa sehunokonzera kuperevedza mupfungwa kana kutadza kudzidza zvinhu zvitsva	Chiremba Ane Chitambi Wemashandiro Emuviri Wemunhu	Chibodzwa cheChikero Chakazara cheIQ chine kutsaudzira kunodarika 1.5 pasi peavhareji, uye chibodzwa chebvunzo ine chekuita neunyanzvi hwemwana hwekuita zvinhu chinoratidza kutadza kuita zvinhu kwakanyanya pakuita zvinhu zvitsva kunodarika kuviri kuri pasi peavhareji yakaitwa mukati memwedzi 36 yadarika.
Ziva izvi: Fomu rino rinongova nemashoko asiri eudzamu uye DDA ingagona kuda mashoko ekuwedzera kana kuti ongororo dzekuwedzera. Gwaro rino ndiro danho rekutanga kuti paongororwe kukodzera. Kukodzera kweDDA kunoongororwa zvinoenderana neWAC Chapter 388-823.				